

Angajman Paran ak
Fanmi Tit I

Lekòl Piblik TIT I nan Depatman Polk la 2016-2017



Lekòl Piblik nan Kanton Polk la



Lekòl Segondè Tenoroc Pake Kontra Lekòl pou Aprantisaj

Pwogram Patisipasyon Paran Tit I nan Distri a ak nan Lekòl nan Depatman Polk la ap fè tout sa l kapab pou **BATI BON JAN RELASYON** nan lide pou kreye angajman fanmi reyèl pou **chak** timoun, **chak** fanmi, **chak** pwofesè, **chak** jou.

Pake kontra sa a ensiste sou kouman paran yo, tout ekip lekòl la ak elèv yo pral pataje responsablite pou amelyore siksè akademik elèv yo. Nan koneksyon aprantisaj la, lekòl la ak paran yo pral bati e devlope yon relasyon k'ap ede elèv nou yo atenn kondisyon wo nivo Eta Florid fikse pou ane lekòl la.

Nou pral sipòte aprantisaj la nan fason sa yo	Responsablite Ekip Lekòl la	Responsablite Paran yo	Responsablite Elèv yo
Nivo Akademik Elve	Metè nan pwogram yo kontni kalite siperyè ak enstriksyon ki chita sou kritè lekòl yo nan yon espas aprantisaj sipòtif, ki an sekirite e ki efikas.	Rasire w pitit ou vin lekòl regilyèman, a lè e dispoze pou l aprann. Itilize sit entènèt gratis yo e patisipe nan sware paran yo.	Dispoze w pou aprann nan lekòl la e lakay ou. Vini lekòl regilyèman, vini a lè e dispoze pou w aprann. Fè tout devwa nan klas ou e tout devwa yo ba w fè lakay ou.
Kontwòl pwogrè Elèv yo	Konsève rapò tou nèf sou nòt elèv yo nan sit Pòtay Paran yo Bay paran yo rezilta pwogrè pitit yo nan telefòn oswa nan email si nesèsè e nan moman yo dwe bay yo ansanm ak rezilta pwovizwa yo ak bilten yo. Reflech sou done yo ak elèv yo selon bezwen yo.	Rranfòse sa pitit ou ap aprann nan lekòl la Revize devwa pitit ou yo epi/oswa ede l etidye pou egzamen li yo. Tcheke avi lekòl yo atravè email, jounal lekòl la, paj web li, Facebook, Remind, Pòtay Paran yo (Ou dwe enskri non w pou w antre nan Pòtay Paran an)	Enfòme w sou devwa yo ba w fè e sou nòt ou yo nan pòtay elèv yo. Pran responsablite aksyon w yo. Montre w deside pou w atenn objektif akademik ou ak objektif nan aktivite w'ap fè andeyò orè lekòl la.
Bon Jan Rapò Patisipasyon	Envite paran yo kòm volontè nan lekòl ou a Envite yo vin patisipe nan aktivite akademik ak aktivite k'ap dewoule andeyò orè lekòl la. Ba yo enfòmasyon pou yo patisipe nan sware paran yo ak nan aktivite aktivite ki pap dewoule nan orè lekòl la	Patisipe aktivman nan edikasyon pitit ou atravè patisipasyon nan rankont lekòl la ap fè ak paran yo, nan komite yo, nan aktivite k'ap dewoule andeyò orè lekòl la e nan aktivite sware paran yo. Ede ekri pake kontra lekòl la	Respekte tèt ou, lekòl la ak lòt moun yo atravè sa w'ap di e nan aksyon w yo. Investi nan avni w nan devni yon elèv k'ap aprann aktivman nan sal klas la e andeyò sal klas la.
Kominikasyon Rete Enfòme	Devlope rapò pozitif atravè rankont ak paran yo, email ak nan apèl nan telefòn. Pataje lide ak paran yo e elèv yo atravè sit medya sosyal yo: sit entènèt lekòl Tenoroc la, blogs (jounal entim), Facebook, etc. Fè avi atravè medya sosyal yo.	Kenbe kominikasyon ouvè ant lakay ou ak lekòl la epi vini nan rankont paran yo Kenbe enfòmasyon kote pou lekòl la kontakte w yo ajou Montre enpòtans edikasyon nan patisipe aktivman nan komite SAC lekòl la, nan travay kòm volontè e nan patisipe nan aktivite lekòl la	Mande èd lè bezwen. Kontinye ogmante konesans ou nan eseye fè tout sa w kapab e nan fikse objektif ou yo. Swiv sit medya sosyal lekòl la pou w rete okouran sou sa k'ap pase.
Espas Aprantisaj	Angaje elèv yo nan opòtinite aprantisaj reyèl k'ap pèmèt yo sonje sa yo aprann nan klas la lè yo ap fè eksperyans pratik nan lavi a.	Fikse yon abidid pou w pale ak pitit ou chak jou sou zafè lekòl. Ankouraje pitit ou pou l toujou fè meyè jefò li kapab e pou l pwofite sipò akademik lekòl la mete a dispozisyon l yo.	Montre anvi w genyen pou lekòl ak pou w aprann. Vini lekòl dispoze pou w aprann. Ou dwe yon elèv ki fyab e dedye nan aktivite w.

Vizite sit entènèt WWW.POLK-FL.NET pou enfòmasyon enpòtan:

Sit PARENT PORTAL: www.polk-fl.net/parents/parentportal.htm
POU VOLONTÈ: www.polk-fl.net/community/volunteers
SANT PARAN YO: www.polk-fl.net/parents/involvement/pirc.htm
INIVÈSITE PARAN AN: www.polk-fl.net/parents/involvement/plug.htm
KONDISYON LEKÒL FLORID YO: <https://flstandards.org>
EGZAMEN: www.polk-fl.net/parents/testing
Aplikasyon pou manje nan ba pri/manje gratis: www.polk-fl.net oswa rele nan 534-0588

Tanpri vizite sit entènèt lekòl nou an pou plis enfòmasyon, tankou pwogram ak enstriksyon; dat egzamen; enfòmasyon sou jan pou w kontakte ekip lekòl la; materyèl sipò Tit I ak lòt dat enpòtan ankò.

<http://tenoroc.polk-fl.net/>

Si w pa gen aksè nan sit entènèt nou an, tanpri pase nan biwo lekòl la kote w'ap jwenn enfòmasyon ekri. 863-614-9183

Tenoroc Titans